*Қарақалпақстан Республикасы*

*Мәлимлеме – китапхана орайы*



# *«Жазыўшы ҳәм журналист»*

# *Шарап Уснатдиновтың*

**(биобиблиографиясы)**

*Нөкис - 2018 жыл*

## *Кирисиў*

Әдебий, мәдений, сиясий өмирде өз орны бар, жәмийетте болып атырған ҳәр бир жаңалық пенен өзгерислерге, турмыстағы барлық ўақыяларға жанлы түрде белсене араласатуғын, жыйналысларда, бас қоспаларда, ойласықларда шақмақтың тасындай өткир пикирлери менен көпшиликтиң кеўлинен шығатуғын, турмыстың не бир сынақларынан сүрникпей өтип киятырған Шарап Уснатдиновтың көп публицистикаларын, дүркинлерин, гүрриңлерин оқығанда автордың бийғәрез көп ғана пикир таласларының ишинде болғандай боласаң. Соңғы жыллары, атап айтқанда ХХ әсирдиң соңғы он жыллығы ҳәм XXI әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятының раўажланыў барысында сезилерли өзгерислердиң бар екенин көриўге болады. Әдебий процесстиң әдебий жанрлардың, көркем формалардың дәўир талабына ылайық жаңаланып баратырғанын байқаймыз. Шарап Уснатдинов дөретиўшилигинде эссе жанры тийкарғы орынды ийелейди. Шарап Уснатдинов "Заманласлар келбети" деп аталатуғын әдебий портретлер дүркининде тарийхымыздың бир бөлегиниң айрықша қаҳарманы Қаллибек Қамаловтың машақатлы әжайып өмир дәўлети тасса да, дөҳмет тасы басса да сынын бузбаған инсан деп келтирип өткен сөзлери ҳәр бир инсанды таң қалдырады. Шарап Уснатдиновтың "Яднама" дүркинин оқып отырып шайыр Тилеўберген Жумамуратов, Өзбекстан Қаҳарманы Ибрайым Юсупов, Сабыр Камаловлар менен сәўбетте отырғандай боласаң." Мәңгиликке айланған мийрас" дүркининде И. Юсупов пенен хошласыў қатарларын оқып отырып гүрсингениңди сезбей қаласаң. Шайырдың соңғы демлеринде қасында болып, сол демлерди халқы менен бөлискен авторға мийнетдар боласаң. Филология илимлериниң докторы, профессор Қуўанышбай Оразымбетов "Шарап аға қолына қәлем алып журналистлик пенен шынтлап шуғыллана баслағаннан көп өтпей-ақ "администратор журналист"лике өтип кетсе де дөретиўшилик стилине садық қалды" деп көрсетеди. Шарап Уснатдиновтың " Көргенлерим

ҳәм кеўилдегилерим” этюд, публицистика, әдебий портрет ҳәм сәўбетлесиўлер жыйнағын әпиўайы оқыўшылардан баслап, сиясий ғайраткерлер, журналистлер ҳәм илимпазлар ушын да, қызығып оқыйтуғын әжайып саўға болды. Шарап Уснатдиновтың “Полат Мадреймов биринши қарақалпақ балетмейстри” повесть - эссе қарақалпақ прозасында жаңаша жанрлық - стиллик изленислер тийкарында жүзеге келген әдебий қубылыс сыпатында баҳалаўға болады. Онда халқымызға кеңинен танылған режиссёр - балетмейстр Полат Мадреймовтың өмир жолы ҳәм дөретиўшилиги арқалы қарақалпақ миллий хореграфиясының қәлиплесиў эволюциясы тарийхый - көркем планда ашып берилген. Шарап Уснатдиновтың «Исбилерменликке мирәтнама» китабында, елимизде жүргизилип атырған экономиканы еркинлестириў ҳәм реформаларды және де тереңлестириў шараятында, бул ўазыйпаларды табыслы иске асырып барыўдың тийкарғы шәрти болып хызмет ететуғын исбилерменлик, киши бизнес ҳәм фермерлик ҳәрекетлерин ең әҳмийетли ўазыйпалалардың бири есапланады. Бул китапта, исбилерменликке талабан ҳәрбир жигит - қызларға, өз бизнесин және де раўажландырып, мәмлекет көлеминде ен жайдырыўды мақсет еткен ҳәрбир адамға жәрдем көрсетиў нәзерде тутылған. Шарап Уснатдиновтың «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр…» топламында күнделикли баспа сөзде ўақыт алға қойған ўазыйпалар тийкарында жүзеге келген дөретпелер көркем публицистикалық толғаўларға, халқымыздың ғәрезсизликке ерискеннен кейинги заман нәпесине, ал автордың өмирдеги бақлаўларынан алынған гәплери халық даналығы үлгисиндеги ой жуўыртыўларға толы. Шарап Уснатдинов «Ибрайым Юсупов Шайырдың жаслығы» ҳүжжетли повестьинде Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Ибрайым Юсуповтың балалық, өспиримлик ҳәм екинши жер жүзилик урыс жыллары өткен жаслық дәўрин, оның Қарақалпақ мәмлекетлик  педагогикалық институтына оқыўға кирген 1945 - жылларға дейинги өткен өмирин өз ишине қамтыйды. Бул топламда шайырдың өмир баянынан өзи жазып қалдырмаған тәреплерин кеңнен сөз еткен. Шарап Уснатдинов қарақалпақ халқына белгили халық ҳүрметине

сазаўар болған инсан ретинде биз бул «Жазыўшы ҳәм журналист»ке тән беремиз. Халқымыз арасынан мине усы оғада машақатлы тараўға пүткил өмири ҳәм теңсиз талантын бағышлаған, инсанлардың шығармаларын жас әўладқа жеткерип үгит - нәсиятлаў биз китапханашылардың ўазыйпасы деп билемиз.

## Шарап Уснатдиновтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан жазыўшылар аўқамының ағзасы. Жазыўшы, «Қарақалпақстанға мийнети сиңген журналист» Шарап Уснатдинов 1942- жылы Кегейли районында туўылған.1958- жылы орта мектепти питкерди.1960 жылы Тахыятас қаласындағы 20 санлы кәсип -өнер училищесиниң гербиш өриўшилер бөлимин тамамлап, қурылыста қурылысшы болып ислеген. Ташкент Мәмлекетлик Миллий университетиниң журналистика бөлимин 1965- жылы питкерген.Ол дәслепки мийнет жолын ҳәзирги "Қарақалпақстан жаслары"газетасында әдебий хызметкерликтен баслады. Шарап Уснатдинов жаслайынан журналистика тараўына қызығып қолына қәлем алып баянатлар жазатын болған. Шарап Уснатдинов бүгинги күн қандай атақ абырайға,ҳүрметке ерискен болса ол өзиниң кәсиби арқалы еристи. Шарап Уснатдинов көп бир неше басшы лаўазымларда дөретиўшилик жәмәәтлерге басшылық етти. Ол отыз жыл даўамында баспасөз тараўында үзликсиз ислеп, «Қарақалпақстан жаслары», Қарақалпақстан телевидениеси, «Қарақалпақстан» баспасы ҳәм «Еркин Қарақалпақстан» газеталарында директор, бас редактор,областьлық партия комитетиниң секретары, Ол елимиз ғәрезсизликке ерискеннен кейин жаңадан шөлкемлестирилген ҳәкимшилик институтының дәслепки қарлығашларының бири сыпатында 1992 жылы пайтахтымыз Нөкис қаласының биринши ҳәкими болып сайланды. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы көлеминде министирлик және ведомстволарда басшы

лаўазымларда иследи. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан жазыўшылар аўқамының ағзасы. Қайсы тараў болмасын, раўажланыўы туўралы гәп қозғалғанда әлбетте, тараўды сол дәрежеге жеткериўде көзге түскен басшыларының аты айтылады.Қарақалпақстан журналистикасы менен “Еркин Қарақалпақстан”газетасының басып өткен жоллары ҳаққында жазылғанда елимиздиң журналистлери ҳәм редакторлары қатарында Шарап Уснатдиновтың аты тилге алынады. Заман ағымы ҳәм күнделикли турмыстың әҳмийетли мәселелерине арналған публистикалық шығармалары менен бирге, ғәрезсизлик жылларында «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр», «Журналистикаға кирисиў», «Исбилерменликке мирәтнама», «Көрегенлерим, кеўилдегилерим», «Полат Мәдиреймов биринши қарақалпақ балетмейстери», «Ибрайым Юсупов Шайырдың жаслығы» ҳүжжетли повестьи, «Соңғы аңшы» ҳәм « Дәў кемпир» повестьлери китаплары жарық көрди. «Азат Бердишев феномени» эссеси баспадан қарақалпақ ҳәм өзбек тиллеринде жарық көрген. “Кеўили кең бир майдандай…”Шарап Уснатдиновтың «Исбилерменликке мирәтнама»,сы китапта болса, ҳәр бир пухара, әсиресе жасларымыз үшын “Исбилерменликке мирәтнама болып есапланады”, бүгинги күн ушын жүдә әҳмийетли ҳәм пидайлы көркем публицистикалық және әмелий қолланба болып қалады, берилген үзиндилер менен танысқан ҳәр бир оқыўшы китаптың соңында дизими усынылып отырған әдебиятларды таўып оқыйды, өзлериниң келешегине үлкен жол ашады, деп үлкен исенимшилик пенен бул китапты жазған. Аҳмад Музафардың Шарап Уснатдинов пенен сәўбетинде. Шарап аға жәмийетлик жумысқа араласқан ўақытта өзиңниң исмиңниң исмиңнен де бетер, ийелеген кәсибиңди, кәсиплеслериңди биринши гезекке қойып, олардың атына дақ түсирмеўге тырысыў не деген пидайылық, не деген берилип кәсипти сүйишилик, не деген садықлық екенин сөзинде де айтып тур. 2014 жылы “Эл-юрт хурмати ”ордени менен сыйлықланды, 2017 жылы Қарақалпақстан Республикасы халқ жазыўшысы атағы менен ҳәм Республика область, қала ҳәм район халқ депутаты және сайланатуўғын органлардың ағзасы № 55-санлы Бозатаў сайлаў округынан Қарақалпақстан Республикасы жоқарғы Кеңеси

депутаты болып сайланды.Бердах атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Муратбай Нызанов. Белгили журналист ҳәм публицист Шарап Уснатдиновтың 70 жыллық юбилейине арнап «Ўақыт деген зымырап өтип баратыр» қосығынан

**Ўақыт деген зымырап өтип баратыр,**
**Айта алмайсаң оған “азымаз тура тур”,**
**Қарсыңызда –Кегейлиде туўылып,**
**Шоманайда есин жыйған бала тур.**

**Ўақыт деген зымырап өтип баратыр,**
**Ҳәким болды баяғы жас аратор,**
**Ташкентке де жумсап еди, қараса,**
**Трубалары тозып биткен қала тур.**

**Ўақыт деген зымырап өтип баратыр,**
**Мине, бүгин руўхы бай, дана тур,**
**Желкесине минип алып жетпистиң,**
**Шарап аға көп ишинде дара тур.**

Шарап Уснатдинов дурыс ҳәм көркемлеп жазыў,шеберлеп сөйлеў, жазған ҳәр бир тарийхый сәнелер,аргументлер ҳәм пактлерге жүгиниў, илимге тийкарланыў, стилистикалық қәтелерсиз, әпиўайлыққа талпынып, образлар жаратыў, кәсиплик ҳәм әдеп икрамлық этикасы менен мақалаларды еске қалатындай етип жазады. Ол киси ҳәзир 70 жастан асып 80 жасқа қарасада жас әўладларға керекли үгит нәсиятларды қалдырыў ушын газеталарға мақалалар жазыўды тоқтатқан жоқ.Ол 45 жыллық дөретиўшилик мийнети дәўиринде бир неше жүзлеген мақала, очерк ҳәм

публицистикалар жазып, кеңнен танылған жазыўшы-журналист. Ҳәр бир жас жазыўшы ҳәм журналист Шарап Уснатдиновтен өрнек алса арзыйды. Ҳәзирги ўақыттада Қарақалпақстан Республикасының Өзбекстан мийнет ветеранларын социаллық қоллап-қуўатлаў "Нураный" қоры бөлими баслығы лаўазымында жумыс ислеп, аянбай халыққа хызмет көрсетпекте.

**Библиографик дизим:**

1. Кирисиў
2. Шарап Уснатдиновтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети
3. Шарап Уснатдиновтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети дәўириндеги тийкарғы сәнелер
4. Шарап Уснатдиновтың алған атақ ҳәм сыйлықлары
5. Шарап Уснатдиновтың шығармалары қарақалпақ тилинде
6. Шарап Уснатдиновтың шығармалары ўзбек тилинде
7. Шарап Уснатдинов ҳәм шығармалары ҳаққында

## *Шарап Уснатдиновтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети дәўириндеги тийкарғы сәнелер*

1942 ж. - Кегейли районында туўылған

1958 ж. - Мектепти тамамлады

1960 -1962жж. Тақыятас қаласындағы 20 санлы училищени питирди

1962-1965жж. Ташкент Мәмлекетлик Миллий Университетиниң журналистика

бөлимин тамамлаған

1965-1966жж. - “Қарақалпақстан жаслары” газетасы редакторы

1966-1971жж. - “Еркин Қарақалпақстан”газетасының бас редакторы

1978-1983жж. - Қарақалпақстан Телерадио комитетиниң орынбасары лаўазымында

1983-1984жж. - Бердах атындағы музыка театрында директор лаўазымында

1984-1985жж. - “Еркин Қарақалпақстан” газетасының бас редактор орынбасары

1985-1988жж. - “Қарақалпақстан” баспасы директоры

1988ж.- “Еркин Қарақалпақстан” газетасының бас редактор

1990 ж.-Қарақалпақстан Республикасы ижра комитетиниң идеология бойынша секретары

1992-1994жж. - Нөкис қаласы ҳәкими

1995ж. - Өзбекстан Республикасы Мәденият ислери бойынша министриниң орынбасары

1995-2006жж. - Қарақалпақстан Республикасы Коммуналлық хызмет көрсетиў министри ҳәм бир қатар тараўлар баслығы

2007-2009жж. - Қарақалпақстан Республикасы Министрлер комитети Мәлимлеме хызмет көрсетиў баслығының Министрлер комитетиниң секретары

2009-2014жж. - Қарақалпақстан Республика Руўхый үгит-нәсият орайының баслығы

2014 -2017жж.- Қарақалпақстан Республикасының Өзбекстан мийнет ветеранларын социаллық қоллап-қуўатлаў “Нураный” қоры бөлими баслығы.

## *Шарап Уснатдиновтың алған атақ ҳәм сыйлықлары*

**1**. 1991ж.-Қарақалпақстанда хызмет көрсеткен журналист

**2.** 2014 ж. - “Эл-юрт хурмати ”ордени.

**3.** 2017 ж.- Қарақалпақстан Республикасы халық жазыўшысы.

**4.** 2017ж. - Республика область, қала ҳәм район халық депутаты және сайланатуғын органлардың ағзасы № 55-санлы Бозатаў сайлаў округынан Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутаты.

## *Шарап Уснатдиновтың шығармалары қарақалпақ тилинде*

**2002**

**1.** Кимге кеш, кимге таң сәҳәр келген.: повесть, гүрриңлер, эсселер. - Нөкис: Қарақалпақстан, 2002.- 288 б.

**2.** Кимге кеш, кимге таң сәҳәр келген: [повестьтен үзинди] // Қарақалпақстан жаслары. - 2002.- 25 июль.

**2005**

**3.** «Елимизде не жаңалық?» бул сораўдың жуўабына ҳәр биримиз таяр жүрейик: [публицистика**]** // Еркин Қарақалпақстан. - 2005. - 4 авг.

**2006**

**4.** Адамның бахты-теңлер арасында тең, ушқан қустай еркин, заманына пайлы: [публицистика**]** // Еркин Қарақалпақстан. - 2006. - 17 авг.

**5**. Ийели сөз, жүйели сөз: **[**1-апр.-күлки күни] // Еркин Қарақалпақстан. - 2006. – 1 апр.

**6.** Омыраўларды көтерип, қәдир қымбатты арттырып, XXI - әсирдиң биринши бес жыллығы мәңгиликке рәўана болды: [публицистика**]** // Еркин Қарақалпақстан. - 2006. – 1 янв.

**2007**

**7.** Дәўран қараған ел (Үстирттеги сода заводы ҳаққында): [публицистика**]** // Еркин Қарақалпақстан. - 2007. - 7 июнь.

**2008**

**8.** Аралдан қалған естеликлер. («Кеўил туйғылары») [дүркинниң даўамы] // Еркин Қарақалпақстан. - 2008. - 22 июль.

**9.** Елге де, жерге де, нәўбет келген жыл (Аўылласларым Раўаж ҳәм Абадан - ларға): [публицистика**]** // Еркин Қарақалпақстан. - 2008. – 23 дек.

**10**. Мәңгиликке айланған мийрас: [Уллы устаз , қәдирдан ағам И. Юсуповты еслеп] // Еркин Қарақалпақстан. - 2008. – 5 авг.

**11.** Кеўил туйғылары: **[**дүркин] // Еркин Қарақалпақстан. - 2008. – 17 янв.

**2009**

**12.** Әрманларым ! Әрман болып қалғансыз: [Т. Мәтмуратов ҳаққында] //

Еркин Қарақалпақстан. - 2009. - 30 июнь.

**13.** Журналистикаға кирисиў:оқыў қолланбасы . - Нөкис: Қарақалпақстан, 2009.-184 б.

**14**. Күнделикли өмир сабақлары: [дүркин] // Еркин Қарақалпақстан. - 2009. - 7 февр.

**2010**

**15.** Жеке (ис) билерменлик дәўраны (Қубла корея президентиниң «Мужиза содир булади» китабы ҳаққында) [публицистика**]** // Еркин Қарақалпақстан. - 2010. - 29 июль.

**16.** « Исбилерменликке мирәтнама». - Нөкис: Қарақалпақстан, 2010. - 152 б.

**17.** Нәўқыран әўлад кәмалаты: [дүркин] Мәнаўият сабақлары // Еркин Қарақалпақстан. - 2010. – 21-26 янв.-2010.-4 фев.

**2011**

**18.** Анық мәнзил, уллы мақсетлер: [публицистика**]** // Еркин

Қарақалпақстан. - 2011. - 1 март.

**19.** Бәҳәри асығыслы жылдың наўрызы: [публицистика**]** // Еркин Қарақалпақстан. - 2011. – 15 март.

**20.** Полат Мадреймов: [повесть-эссе] // Әмиўдәрья. - 2011.-№ 4. -Б. 24.

**21.** Шайырға керек адам: [гүрриң] // Еркин Қарақалпақстан. - 2011. – 29 окт.

## 2012

**22.** Дәў кемпир: [қыссадан үзинди] // Еркин Қарақалпақстан. - 2012. - 8 нояб.

**23.** Соңғы аңшы:[повесть] // Әмиўдәрья.-2012.-№ 2.- Б. 28.

## 2013

**24**. Ибрайым Юсупов шайырдың жаслығы:ҳүжжетли повесть. - Нөкис: Билим, 2013.-272 б.

**25**. Соңғы аңшы:повесть. - Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2013.-188 б.

**26.** Ибрайым Юсупов Шайырдың жаслығы:[ҳүжжетли повесть ] // Әмиўдәрья.-2013.-№ 5.- Б. 3.

## 2014

**27.** Сарқылмас булақ: [ Ибрайым Юсупов] // Еркин Қарақалпақстан. - 2014.- 9 май.

## 2015

**28.** Әдебият - ибрат мектеби: [Академик, жазыўшы, әдебиятшы Ж. Базарбаевтың мақалалар топламы хаққында] // Қарақалпақ әдебияты. - 2015.- июнь.

**29.** Ибрайым Юсупов II. Парўана: [ҳужжетли романнан үзинди] // Еркин Қарақалпақстан. - 2015.-10 -12 -19 дек.

**30.** Кеўли жақсылық сарайы еди: [Мәмлекетлик ғайраткер, ойшыл шайыр Сағындық Нийетуллаевты еслеп] // Еркин Қарақалпақстан. - 2015.- 6 окт.

**31.** Улама алым: [Академик Хусниддин Ҳамидов дөретиўшилик келбетине қосымшалар] // Еркин Қарақалпақстан. - 2015.- 29 авг.

**32.** Ҳаял кәраматы: [гурриң] // Еркин Қарақалпақстан. - 2015.-17 нояб.

## 2016

**33.** Бирликли елдиң шерек әсирлик қүдирети: [публицистика] // Қарақалпақ әдебияты. - 2016.- авг.

**34.** Мәрипатқа бай, әдалатлы устазым: [Белгили журналист Әжибай Муртазаевтың 90 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.-19 май.

**35.** Муқаддессең бийтакирарымсаң: [Биз кеше ким едик, бүгин ким болдық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 18 авг.

**36.** Тыныш-татыў, парахат өмир: [Уллы келешегимиз тийкарларының бири] // Қарақалпақ әдебияты. - 2016.- май.

**37.** Шынтлап сүйген кеўил азаплары:[хүжжетли роман] // Әмиўдәрья.-2016.- № 2.- Б. 4-36.

**38.** Хақыйқый дослық тымсалының қаҳарманы : [Шайыр, илимпаз Бабаш Исмайловтың 90 жыллығына эссе] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.- 4 июнь.

**39.** Хош бол, өмиримиздиң данышпан устазы: [Өзбекстан Республикасы - ның Биринши Президенти Ислам Каримов мийнет жолы] // Еркин Қарақалпақстан. – 2016.- 6 сент.

**2017**

**40.** Алғыс пенен ел көгерер: Президентимиз Шавкат Мирзиёевтиң Қарақалпақстан Республикасына сапар етиўиниң жуўмақлары жерлеслеримизде көтериңки кәйпият оятты] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 26 янв.

**41.** Каабам - анам: [гурриң] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017.-21 февр.

**42.** Мәңгиликке тийисли инсан: [Шараф Рашидовтын туўылғанына 100 жыл] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 4 нояб.

**43.** Халқы менен мәңги бирге жасайды: [Өзбекстанның Биринши Президенти, Уллы Сәркарда И.А.Каримовтың өлмес естелигине] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017.-28 янв.

**44.** Халқы менен мәңги бирге жасайды: [Өзбекстанның Биринши Президенти, уллы сәркарда И.А.Каримовтың өлмес естелигине] // Қарақалпақстан жаслары. - 2017.-2 февр.

## Шарап *Уснатдиновтың шығармалары өзбек тилинде*

45. Ана келаяпти!...: [ҳикоя] / Қорақалпоқ тилидан Музаффар Ахмад өзбек тилига таржима қилган // Ўзбек адабиёт ва санъати. - 2005. - № 23.- 3 июнь.

46. Йиқилмайдиган одам: // Ўзбек адабиёт ва санъати. - 2005.- № 5.- 28 янв.

47. Аёл каромати: [ҳикоя] // Қарақалпақ әдебияты. - 2016.- янв.

## *Шарап Уснатдинов ҳәм шығармалары ҳаққында*

**2002**

**48**. Кимге кеш, кимге таң сәҳәр…[Ш. Уснатдиновтың, «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр…» повестьи ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2002. – 27 июль.

**2006**

**49**. Аҳмад Музаффар. Кўнгли кенг бир майдондай : [Қорақалпоқ адиби Шарап Уснатдинов билан суҳбат]//Узб. Адаб ва санъ.-2006.- 23 июнь.

**2009**

**50.** Пахратдинова Ш. Өмир ҳәм оның ашшы - душшысы ҳаққында: [Ш. Уснатдиновтың «Көргенлерим ҳәм кеўилдегилерим» китабы ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2009. - 25 авг.

**51.** Хожамуратова П. Газета-мениң Университетим: [Ш. Уснатдинов пенен сәўбет] // Еркин Қарақалпақстан. - 2009. - 6 июнь.

**2012**

**52.** Жәниев С. Қарақалпақ журналистикасының "Прорабы" // Еркин Қарақалпақстан. - 2012. - 27 март.

**53.** Оразымбетов Қ, Қаниязова Ж. Таўлар менен теңлес болсаң деп едим: [П. Мадреймов ҳаққындағы китабы] // Еркин Қарақалпақстан. - 2012. – 17 янв.

**54.** Өтениязова А. Кеўли сергек, көкиреги ояў журналист: // Қарақалпақстан жаслары. - 2012. - 29 март.

**2014**

**55.** Жазылыў шеберлиги күшли шығарма: [Жазыўшы Ш.Уснатдиновтың "Даў кемпир" повести ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 2014.- 22 май.

**2015**

**56.** Уламалар өмириниң көркем сәўлеси: [Шарап Уснатдиновтың "Соңғы аңшы" повести ҳаққында пикир] // Қарақалпақ әдебияты. - 2015.- май.

**Дүзиўши:**

**Үлке таныў сектор баслығы:** **Ж. Тлеўбаева**